

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Komunikasi basa dina kahirupan manusa, boh lisan boh tinulis, diwujudkeun ku wacana. Wacana nyoko kana runtuyan kalimah sacara kontinuitas, kohésif, sarta kohérensif saluyu jeung kontéks situasi (Sudaryat, 2014, kc. 111). Wacana nu alus nyaéta wacana nu kudu bisa merhatikeun tatali antarkalimah. Patalina antarkalimah dina hiji wacana tulis, ngaruntuy sacara sinambung sarta ngawengku wacana anu padu. Ieu hal luyu jeung pamadegan Sumarlam (2003, kc. 23) nu nétélakeun yén wacana nu padu mangrupa wacana anu saumpamana ditilik tina wangun jeung adegan lahirna miboga sipat kohésif, sarta ditilik tina wangun jeung adegan batinna miboga sipat kohéren. Lian ti éta, sinambungna hiji wacana bisa dibédakeun jadi dua jenis, nyaéta adegan lahir nu disebut kohési sarta adegan batin anu maluruh ma'na nu disebut kohérensi (Nurfitriani, 2018). Kohérensi dina wacana, miboga fungsi sangkan pamiarsa bisa nyangkem omongan nu ditepikeun ku panyatur ngaliwatan medium boh lisan atawa tulisan. Teu saluyuna tatali antarkalimah dina paragraf bisa ngabalukarkeun kasalahpahaman informasi anu tepi ka pamiarsa. Contona dina rubrik Carita Pondok anu judulna *Katurug Katutuh* dina majalah *Manglé* édisi M2848 aya paragraf kieu.

- (1) Teu ngarti puguh. (2) Ongkoh aya sasalad, tapi pelatihan angger aya.
- (3) Salian ti sok pelatihan dina zoom, pelatihan langsung gé aya. (4) Geus puguh rapat mah, da aya waé geuning ondanganana, malah operator gé sok diogan pelatihan atawa rapat. (5) Enya sigana mah, katépaan ti ibu kapala sakola. (6) Tapi pan ibu kapala mah hasil swab-na négatip? (7) Ras inget saminggu kalarung aya urang kota nu datang ka imah si Minah, cenah mah bandar nu rék meulian pare, ménta dianteur ka Napa Minah. (8) Boa manéhna nu mawa virus tur népakeun ka Bapana Minah?

Katitén dina éta paragraf miboga tujuan pikeun nepikeun maksud sababaraha hal nu bisa ngabalukarkeun palaku *kuring* keuna ku panyakit korona. Ieu paragraf ngabalukarkeun kabingung sarta teu katepikeunna maksud ku sabab paragraf di luhur henteu miboga tatali harti antarkalimahna. Pangna henteu kohéren sabab

kalimah (1) – (4) nyaritakeun ngeunaan pelatihan jeung rapat, tapi kalimah (5) - (6) nyaritakeun deui sababaraha sabab palaku *kuring* positif korona.

Luyu jeung pamadegan Lestari (2019, kc. 1) wacana nyaéta hiji upaya pikeun ngungkabkeun maksud nu nyamuni ti hiji subjék nu ngébréhkeun hiji pernyataan. Wacana bisa dibagi dua, aya wacana lisan sarta aya wacana tulisan. Wacana lisan nyaéta jenis wacana anu biasana dipaké pikeun nepikeun maksud ngaliwatan obrolan sapopoé. Wacana tulisan nyaéta jenis wacana pikeun nepikeun maksud ngaliwatan tulisan. Salasahiji conto wacana tulisan anu ngandung kohérénsi référénsial di jerona nyaéta carita pondok.

Carita pondok mangrupa karangan tinulis fiksi atawa rékaan nu galur caritana rélatif basajan ku sabab jumlah kajadian caritana teu réa, tapi museur kana hiji kajadian, palakuna ukur dua atawa tilu urang (Isnendes, 2010, kc. 29). Carita pondok mah dina sajudul téh langsung tamat, warnana bisa mangrupa carita rékaan nu eusina nyata. Carita pondok Sunda réa nu dipidangkeun dina majalah Sunda, di antarana waé, Majalah *Manglé*. Dina tiap pedalan unggal minggu dimuat carita pondok Sunda. Wacana carita pondok dina majalah *Manglé*, bisa dipaluruh paragraf-paragraf jeung kalimah-kalimahna saperti tina jihat koherensi referensialna.

Panalungtikan ngeunaan kohérénsi dina wacana téh lain barang anyar. Saméméhna kungsi aya panalungtikan anu judulna “Analisis Kohesi dan Koherensi Pada Wacana Buletin Jumat” (Hanafiah, 2015) anu maluruh ngeunaan kohési jeung kohérénsi dina wacana *As-Salam* jeung *An-Nadwah* dina Buletin Jumat. “Wacana Iklan dalam Media Massa Sunda” (Sandiansyah Spk., 2017) anu maluruh ngeunaan unsur internal wacana iklan ngagunakeun kajian sintaksis sarta unsur éksternal ngagunakeun kajian pragmatik. “Kohérénsi Référénsial dina Rubrik “Kolom” Majalah *Manglé*” (Arsaningsih, 2020) . “Analisis Kohesi dan Koherensi Wacana Berita” (Widiatmoko, 2015) anu maluruh ngeunaan wanda sarta dominasi wanda kohési jeung kohérénsi anu aya dina wacana berita rubrik nasional dina majalah *online Detik* édisi Bulan Séptémber-Oktober taun 2014. Éta panalungtikan téh umumna medar ngeunaan kohési jeung kohérénsi anu aya dina hiji wacana. Anapon wacana nu ditalungtikna bisa mangrupa artikel jeung wacana iklan anu aya dina média massa.

Ieu panalungtikan ogé raket patalina jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta medar ngeunaan adegan wacana nu patali jeung kohérénsi référénsial. Sok sanajan kitu, aya bedana. Ieu panalungtikan museur kana kohérénsi référénsial jeung dominasi wanda kohérénsi référénsial dina rubrik Carita Pondok Majalah *Manglé*. Anu ngabédakeun nyaéta, panalungtikan saméméhna sacara umum nalungtik leuwih jembar kana adegan wacana anu kaasup kohési jeung kohérénsi, sarta aya ogé anu nalungtik kohési dina karangan narasi jeung proposal. Bédana jeung ieu panalungtikan mah museur kana wanda jeung dominasi kohérénsi référénsial anu aya dina kumpulan rubrik Carita Pondok Majalah *Manglé*. Jaba ti éta, dipaluruh ogé babandingan antara paragraf nu ngandung kohérénsi référénsial jeung paragraf nu teu kohéren.

## 1.2 Rumusan Masalah

Kohérénsi référénsial anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta kohérénsi référénsial anu aya dina rubrik Carita Pondok Majalah *Manglé* dumasar kana tiori Sudaryat (2020) wanda kohérénsi référénsial di antarana: 1) tatali kausalitas; 2) tatali komparatif; 3) tatali parafratis; 4) tatali implikatif; 5) tatali idéntifikatif; 6) tatali aditif; 7) tatali generalisasi; jeung 8) tatali résumatif. Ieu panalungtikan ogé maluruh ngeunaan babandingan antara paragraf nu ngandung kohérénsi référénsial jeung paragraf nu teu kohéren. Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan di antarana saperti ieu di handap.

- a. Wanda Kohérénsi Référénsial naon waé anu aya dina Rubrik Carita Pondok Majalah *Manglé*?
- b. Kumaha dominasi wanda kohérénsi référénsial antarkalimah dina Rubrik Carita Pondok Majalah *Manglé*?
- c. Kumaha babandingan antara paragraf nu ngandung kohérénsi référénsial jeung paragraf nu teu kohéren?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Saacan panalungtikan dilaksanakeun, tangtu kudu nangtukeun tujuan panalungtikan. Anapon tujuan anu rék diguar sangkan bisa kahontal nyoko kana tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh sarta ngadéskripsikeun kohérensi référénsial nu aya dina rubrik hiburan Carpon Majalah Manglé: Édisi Bulan Séptémber Taun 2021.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. wanda kohérensi référénsial anu aya dina rubrik Carita Pondok Majalah *Manglé*;
- b. dominansi wanda kohérensi référénsial anu aya dina rubrik Carita Pondok Majalah *Manglé*; jeung
- c. hasil babandingan antara paragraf anu ngandung kohérensi référénsial jeung paragraf nu teu kohéren.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sacara umum, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat sacara tioritis jeung miboga mangpaat sacara praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa pikeun neuleuman sarta ngamekarkeun élmu basa hususna ngeunaan kohérensi référénsial.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun:

- a. pikeun panalungtik, bisa dipaké geusan ngajembaran pangaweruh ngeunaan kohérensi hususna kohérensi référénsial anu aya dina rubrik Carita Pondok majalah Manglé: Edisi Bulan Séptémber Taun 2021;
- b. pikeun nu maca, bisa dipaké geusan ngajembaran pangaweruh sarta référénsi pikeun panalungtikan satuluyna, hususna ngeunaan kohérensi référénsial;
- c. pikeun pangatik (dosén/guru), bisa nambahan référénsi pikeun panalungtikan basa atawa jadi bahan référénsi bahan ajar; jeung

- d. pikeun pamilon atikan (mahasiswa/pelajar), bisa dipaké pikeun référénsi panalungtikan, nambah pangaweruh, sarta pikeun maluruh kabasaan utamana dina medar kohérénsi référénsial.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Sistematika dina ieu tulisan ngawengku lima bab nu diantarana aya Bab I Bubuka, Bab II Ulikan Tiori, Bab III Méthode Panalungtikan, Bab IV Hasil jeung Pedaran, jeung Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi.

Dina Bab I, eusina ngeunaan kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan. Dina tujuan panalungtikan aya tujuan umum jeung tujuan husus, dina mangpaat panalungtikan aya mangpaat sacara tioritis jeung praktis.

Bab II, eusina ngeunaan tiori nu patali jeung kepragmatikan wacana, kohérénsi référénsial, sarta tiori nu dijadikeun tatapakan ieu panalungtikan. Lian ti éta aya ogé panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan medar ngeunaan, desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran eusina ngajelaskeun hasil panalungtikan dumasar kana hasil analisis data nu dilakukeun. Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi eusina ngadéskripsikeun kacindekan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékomendasi pikeun panaungtikan satuluyna.